



Kisa pou w fè si w rate odyans imigrasyon w lan - (Kòman pou depoze yon mosyon pou relouvri)

What to Do If You Miss Your Immigration Hearing - (How to File a Motion to Reopen)



Fèy enfòmasyon sa a pale sou sa pou w fè si w rate odyans tribinal imigrasyon w lan epi yon jij bay lòd pou yo retire w nan peyi Etazini. Li pataje kòman pou mande tribinal la retire lòd ranvwa ou epi kite ou prezante ka w la pou anpeche depòtasyon. Li gen yon egzanp sou mosyon an ou bezwen depoze nan tribinal la.

Ou ta dwe itilize fèy enfòmasyon sa a si yon jij te siyen yon dokiman ki di ke ou te rate odyans ou epi yo te òdone yo retire w. **Ou PA ta dwe itilize fèy enfòmasyon sa a** si ou te asiste tout odyans ou yo epi jij la deside ou pa ka rete Ozetazini. **Ou PA ta dwe itilize fèy enfòmasyon sa a** si yon ofisye ICE te siyen yon òdonans pou retire w epi li pa yon jij. Si ou pa fin sèten sa lòd ranvwa ou a di, pale ak yon avoka imigrasyon.

Pou li fèy enfòmasyon sa a nan lang angle oswa yon lòt lang, ale vizite:

LawHelpMN.org



Fèy enfòmasyon sa a te devlope an kolaborasyon ak Immigrant Law Center of Minnesota, Mid-Minnesota Legal Aid, Southern Minnesota Regional Legal Services, The Advocates for Human Rights, ak Volunteer Lawyers Network. Li te sipòte pa finansman Depatman Sèvis Imen Eta Minnesota.



Kisa k ap pase si w rate odyans ou?

Kisa k ap pase si mwen rate odyans imigrasyon mwen an?

Yon jij ka bay lòd pou yo retire w nan peyi Etazini. Sa vle di ou gen risk pou yo depòte ou nenpòt ki lè. Ou resevwa yon papye ki soti nan men tribinal la pa lapòs yo rele yon "lòd ranvwa." **Papye a di ou pa t parèt nan odyans pou depòtasyon oswa ranvwa ou ki te pwograme a.** Sa vle di ou pa t parèt devan tribinal pou diskite ka w lan. Pafwa yo rele l yon lòd pou retire "In Absentia". Jij la ap voye lòd pou retire a pa lapòs nan adrès ou ki nan dosye tribinal la. Si w te demenaje epi w pa t di tribinal la, lòd ranvwa a pral ale nan ansyen adrès ou. Ou dwe di tribinal la chak fwa ou demenaje. LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki pale sou fason pou fè tribinal la konnen ou te demenaje. Ale sou: lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/reporting-change-address-immigration-court

Kòman pou mwen konnen si yon jij te bay lòd pou yo retire m nan peyi Etazini?

Si w rate yon odyans, rele oswa ale sou Entènèt pou w konnen si jij la te bay lòd pou yo retire w.



Pa telefòn. Rele li asistans EOIR nan **1-800-898-7180**. Liy asistans lan an angle ak panyòl. Make 2 pou èd nan lang panyòl. Make Nimewo A oswa "Nimewo Enskripsyon Etranje" ou. (Ale sou immigrationhelp.org pou aprann kijan pou jwenn Nimewo A w la.) Yon tep pral di si yo bay lòd pou yo retire w oswa si w gen yon odyans pwograme.



Sou entènèt. Ale nan: acis.eoir.justice.gov. Make Nimewo A ou. L ap di w si yo òdone w retire oswa si w gen yon odyans pwograme.

Kisa mwen ta dwe fè si yon jij bay lòd pou yo retire m nan peyi Etazini?

Deside si ou vle mande tribinal la relouvri ka w lan. Bon ak move bagay ka rive si w mande pou relouvri dosye w lan. Pale ak yon avoka imigrasyon sou chans pou tribinal la relouvri ka w lan. Chak ka diferan. Desizyon y ap pran si w mande pou relouvri ka w la ka diferan de desizyon y ap pran pou zanmi w, vwazen w oswa kouzen w si yo te mande pou relouvri ka yo.



Poukisa li ka BON pou relouvri dosye w la



Ou gen chans pou aplike pou estati legal nan tribinal la. Si yo ba w yon estati legal:

- Ou ka viv ak travay legalman nan peyi Etazini.
- Ou ka fè tribinal la anile pwosedi depòtasyon ou.



Ou ka ranpli aplikasyon pou vin yon rezidan pèmanan Ozetazini si w vin kalifye alavni. Si w pa relouvri ka w lan, l ap difisil pou w vin yon rezidan pèmanan.



Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE) pa ka depòte w pandan w ap tann tribinal la deside sou relouvri dosye w la. Ou pral gen yon "kanpe nan retire (stay of removal)." Si ICE eseye depòte w oswa si w gen yon check-in (chèk) ICE pandan w ap tann yon desizyon sou demann ou pou relouvri ka w la, montre ICE mosyon w pou relouvri.



Ou gen yon chans defann ka w lan. Ou pral konnen kilè ak ki kote odyans imigrasyon final ou a pral ye. W ap gen tan pou rasanble dokiman pou tribinal la. Ou ka planifye kijan pou rakonte istwa ou bay jij imigrasyon an. Si w pa relouvri ka w la, ICE ka depòte w nenpòt lè. Ou ka pa gen yon chans pou prepare fanmi ou oswa pran swen bagay ou vle.



Poukisa li ka PA BON pou relouvri dosye w la



ICE ap konnen ki kote w rete. Lè w mande tribinal imigrasyon pou relouvri ka w la, ou dwe di yo adrès kote ou ye kounye a. Tribinal la pral pataje nouvo adrès ou a ak ICE. Si tribinal la deside **pa** pou relouvri ka w lan, ICE pral konnen ki kote w rete. Sa ka fè li pi fasil pou ICE depòte w.




Kèk moun ki gen sèten akizasyon kriminèl oswa kondanasyon yo yo ka kenbe yo nan detansyon obligatwa ICE. Sa vle di ICE ta kenbe w pandan tout tan w ap tann yon desizyon jij imigrasyon. Ou pa t kapab mande yon kosyon pou w soti nan sant detansyon ICE. **Pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou depoze yon mosyon pou relouvri si:**

- **Yo te akize w, yo te arete w, yo te kondane w oswa w admèt w komèt kraze kay, vòl, vòl byen yo, vòl nan boutik, atak sou yon ofisye ki fè respekte lalwa, oswa nenpòt krim ki lakòz lanmò oswa blesi kòporèl grav.**
- **Yo pòke admèt ou oswa bay ou libète pwovizwa Ozetazini.** Sa vle di ou te vin Ozetazini san viza oswa san pèmasyon pou antre nan peyi a.

Si mwen deside relouvri dosye mwen an, ki jan pou mwen fè li?

Depoze yon "mosyon pou relouvri yon lòd in absentia (motion to reopen an in absentia order)."

- **Ou dwe depoze mosyon an avan 180 jou** dat jij la te bay lòd pou w retire w lan fini. Nan mosyon ou a, di poukisa ou rate odyans ou a. **Pale ak yon avoka imigrasyon si ou rate dat limit la pou nenpòt rezon.** Pafwa ou ka depoze yon mosyon pou relouvri apre dat limit 180 jou a. Ou bezwen gen yon rezon espesyal ki te fè li difisil pou ou depoze mosyon an alè.



Egzanp : Jorge te gen yon pwoblèm sante mantal.



Egzanp : Janice te nan yon prizon federal.



Egzanp : Julie te yon timoun.

Julie pa t gen yon paran oswa yon gadyen ki disponib pou konseye l. Li pa t aprann sou lòd ranvwa a jiskaske li te vin gen 18 an.

- **Ou ka sèlman depoze yon mosyon pou relouvri yon sèl fwa.** Si yo refize l, ou pa kapab depoze yon lòt mosyon pou relouvri. **Rasanble dokiman pou voye bay tribinal la ak mosyon w pou relouvri** pou pwouve poukisa ou rate odyans ou. Gade "Kijan Pou Depoze yon Mosyon pou Relouvri yon Lòd In Absentia" nan fèy enfòmasyon sa a pou egzanp.

- **Pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou depoze mosyon ou si ou kapab.** Yon avoka ka ede w bay pi bon rezon yo an epi voye pi bon enfòmasyon an.

Ki rezon ki fè tribinal la ka relouvri ka mwen an?

Ou dwe gen bonjan rezon ki fè ou rate odyans ou pou tribinal la relouvri ka w lan. Men kèk egzanp sou "bonjan rezon" yo se:

- Yo te voye lapòs ou lakay matant ou. Matant ou pat di ou ke ou te gen yon odyans.
- Ou te parèt nan move tribinal la paske kote y ap tande odyans ou te chanje.
- Machin ou te tonbe an pan sou wout odyans lan.
- Tribinal la pa t bay yon entèprèt nan lang ou pi alèz pou w pale a. Ou pa t konnen kilè, ki jan, oswa ki kote pou ale nan tribinal.

Se pa sèlman rezon sa yo ki fè tribinal la ka relouvri ka w lan. Si yon bagay te rive ki te anpeche w ale nan tribinal la, ou ka gen yon bonjan rezon pou mande tribinal la relouvri dosye w la.

Ki kote mwen ka jwenn yon avoka pou ede m?

Chèche avoka gratis ak klinik legal sou LawHelpMN.org. Avoka gratis yo nan gwo demann. Ou pa garanti yon avoka gratis jis paske ou mande pou youn. Ou kapab tou pale ak yon avoka prive si ou gen mwayen pou peye anviwon \$200 pou yon konsiltasyon.

Kisa k ap pase si yo akòde mosyon mwen an pou relouvri?

- **Yon nouvo odyans pwograme pou ou. Ou dwe ale!** Ou resevwa yon avi alekri pa lapòs ki di yo te akòde mosyon w lan. Li gen nouvo dat ak kote odyans lan pral ye. Ou kapab tou rele oswa tcheke enfòmasyon sou odyans ou sou Entènèt.
- **Asire w ke tribinal la gen adrès kòrèk ou.** Li enpòtan pou tribinal la konnen adrès ou ye kounye a. Si w demenaje nenpòt ki lè, voye yon fòm chanjman adrès bay tribinal ou a.



Prepare w pou w ale nan tribinal pou premye fwa a.

LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon sou sa pou w fè anvan yon odyans nan tribinal imigrasyon. Li pale sou sa ou dwe atann lè ou rive nan tribinal la. Li ka ede w jwenn enfòmasyon sou odyans ou tou. Eskane kòd QR la oswa ale sou: lawhelpmn.org



Chanje adrès ou ak tribinal la.

Ranpli Fòm EOIR-33IC epi voye l bay tribinal la. Fòm nan: justice.gov/eoir/file/640016/dl?inline LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki ede w chanje adrès ou ak tribinal la. Eskane kòd QR la oswa ale sou: lawhelpmn.org

Kisa k ap pase si yo refize mosyon mwen pou relouvri?

Fè apèl kont desizyon an bay Komisyon Apèl pou Imigrasyon an (Immigration Board of Appeals). Si w depoze yon apèl, yo ba w yon “poz otomatik” jiskaske yo pran desizyon sa a. Sa vle di ke yo pa ka depòte w jiskaske yon jij pran yon desizyon konsènan kontestasyon w lan. Ou dwe depoze kontestasyon w lan avan 30 jou depi yo te refize mosyon w pou relouvri fini. **Jwenn yon avoka pou ede ak apèl ou a.** Pwojè Dwa Imigran ak Refijye Florence (Florence Immigrant and Refugee Rights Project) gen yon gid ki pale sou fason pou depoze yon apèl. Ale nan: firrp.org/media/BIA-Appeal-Guide-2013_new-BIA-address-2013.pdf.



Pwosesis pou relouvri ka w lan

Kòman pou mwen relouvri dosye imigrasyon mwen an?

Etap 1: Ranpli yon mosyon pou relouvri yon lòd in absentia (Motion to Reopen an In Absentia Order).

Enstriksyon ak yon egzanzp yo nan pati "Sample Motion to Reopen an In Absentia Order" nan fèy enfòmasyon sa a. Ou bezwen ranpli yon kopi blach. Eskane kòd QR la oswa ale sou sitwèb sa a pou jwenn yon kopi blanch:

[lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-09/Blank Immigration Motion to Reopen.pdf](http://lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-09/Blank%20Immigration%20Motion%20to%20Reopen.pdf)



Etap 2: Rasanble dokiman pou voye ak demann w lan.

Voye 4 bagay:

- ☐ **Mosyon pou relouvri yon lòd in absentia.**
- ☐ **Prèw ki pwouve poukisa ou rate odyans ou a.** Gen kèk egzanp sou sa ou ta dwe voye nan pati "Egzanp prèw pou voye ak mosyon w lan" nan fèy enfòmasyon sa a.
- ☐ **Yon chanjman nan adrès oubyen fòm enfòmasyon kontak.** Jwenn Fòm EOIR-33 nan: justice.gov/eoir/file/640016/dl?inline
- ☐ **Resi frè OSWA yon aplikasyon pou egzansyon frè.** Ou dwe peye frè a **AVAN** ou depoze mosyon w epi voye resi peman w lan.
 - **Moun k ap chèche azil:** Pa gen frè pou peye. Ou dwe voye aplikasyon azil ou a (Fòm I-589) ak mosyon w lan.
 - **Tout lòt moun:** Gen yon frè \$145 pou depoze yon mosyon pou relouvri. Voye yon aplikasyon pou egzansyon frè (Fòm EOIR-26A). Jwenn fòm nan: justice.gov/eoir/page/file/1237856/dl.
 - **Si w fè twòp lajan pou w kalifye pou yon egzansyon frè:** pale ak yon avoka imigrasyon.

Etap 3: Fè 3 kopi mosyon lan ak dokiman sipò yo. Sere yon kopi tout bagay.

Etap 4: Poste yon kopi mosyon an ak dokiman sipò yo bay tribinal ki te bay lòd pou yo retire w la.

Jwenn non ak adrès tribinal ki te bay lòd pou yo retire w la:

- **Pa telefòn.** Rele li asistans EOIR nan **1-800-898-7180**.
- **Sou entènèt.** Ale nan acis.eoir.justice.gov.

Poste yon kopi mosyon an ak dokiman sipò yo bay avoka gouvènman an oswa "Biwo OPLA."

Yo rele sa tou "bay avoka gouvènman an." Adrès sa a diferan de adrès tribinal la. Pou jwenn biwo OPLA ki asiyen pou tribinal ou a:

- **Rele tribinal ki te bay lòd pou retire w la.** Di yo ou ap eseye depoze yon mosyon pou relouvri yon lòd in absentia. Mande non ak adrès biwo OPLA ki te asiyen pou tribinal ou a.

Tcheke pou wè si ka w la te relouvri.

Tribinal la voye yon lèt ba ou ak desizyon yo. Si yo te relouvri ka w la, yon nouvo odyans ap pwograme. Pandan w ap tann lèt la, rele oswa tcheke sou Entènèt pou wè si w gen yon odyans pwograme. Y ap di w dat, lè, ak kote odyans ou a ye.

- **Pa telefòn.** Rele liy asistans EOIR nan **1-800-898-7180**. Make Nimewo A oswa "Nimewo Enskripsyon Etranje" ou. Sèvi ak meni opsyon pou tcheke dat ak lè odyans ou a. Liy asistans lan an angle ak panyòl. Make 2 pou èd nan lang panyòl.
- **Sou entènèt.** Ale nan acis.eoir.justice.gov. Make Nimewo A ou. Gade nan "Enfòmasyon Pwochen Odyans (Next Hearing Information)" ak "Enfòmasyon pou Kontakte Tribinal la (Court Contact Information)."



Egzanp prèv pou voye ak mosyon w lan

Ki kalite prèv mwen ta dwe voye sou rezon ki fè mwen rate odyans mwen an?

Voye nenpòt dokiman ki pwouve poukisa ou rate odyans ou a. **Yo dwe voye dokiman sa yo nan lang angle.** Si dokiman orijinal lan pa an angle, ou dwe fè l tradui. Ou pa bezwen sèvi ak yon entèprèt oswa yon tradiktè pwofesyonèl. Yon manm fanmi bileng, yon zanmi oswa yon moun ou konnen kapab fè sa. Yo dwe ranpli yon fòm tradiktè. Jwenn yon fòm tradiktè blanch nan: [lawhelpmn.org/sites/default/files/2025-02/Immigration Certificate of Translation.pdf](https://lawhelpmn.org/sites/default/files/2025-02/Immigration%20Certificate%20of%20Translation.pdf)



Egzanp : Daniela te demenaje epi li pa t resevwa avi pou odyans li.

Daniela ta dwe voye nenpòt bagay ki montre li abite nan yon lòt adrès. Sa a ta ka:

- Dokiman ki montre nouvo adrès li, tankou yon bòdwo sèvis piblik.
- Lèt chanjman adrès ki soti nan men US Postal Service.
- Lèt yon manm fanmi te siyen ki di Daniela te viv avèk yo jiska [dat] epi apre sa li te deplase.
- Fòm chanjman adrès pou tribinal la. Fòm sa a pa ka depoze apa. Daniela bezwen ranvoy li avèk son mosyon pou relouvri.

Daniela ta dwe voye tou nenpòt bagay ki montre poukisa li pa di tribinal la sou depلاسman li. Sa a ta ka:

- Dokiman ki montre ke li te nan pwosedi byennèt timoun nan moman odyans li a. Li te kapab voye lòt dokiman tou ki montre li pa t ka konte sou moun k ap bay swen granmoun li pou mennen l nan tribinal.
- Lèt siyen ki di ke li te poko gen 18 an nan moman odyans li a epi li pa t konnen ki jan pou l chanje adrès li. Li pa t gen yon avoka. Lèt la ka di tribinal la kounye a li konnen kijan pou l chanje adrès li.



Egzanp : Te gen yon gwo tanpèt nèj e Rooble pa t ka kondui an sekirite pou l ale nan tribinal la.

Rooble ta dwe voye nenpòt bagay ki pwouve ke te gen move tan oswa yon pwoblèm ak machin li. Sa a ta ka:


- Kopi yon nouvèl lokal ki pale sou move tan jou odyans Rooble a. **Istwa a dwe pale sou zòn nan Rooble te oblije kondui pou li ale nan tribinal la.**
- Resi reparasyon machin oswa sèvis remorquage kamyon.



Egzanp : Isabella te yon viktim vyolans domestik epi li pa t kapab rive nan odyans li.

Isabella ta dwe voye tout sa li kapab pou pwouve li te siviv vyolans domestik. Li ta dwe voye tou tout sa li kapab pou pwouve ke li pa t kapab ale nan tribinal akòz vyolans domestik. Sa a ta ka:

- Prè li te siviv vyolans domestik
 - Menas mesaj tèks oswa WhatsApp li te resevwa.
 - Dosye medikal ki montre li te resevwa tretman.
 - Dosye apèl Isabella te fè bay lapolis pou èd.
- Prè li pa t kapab ale nan tribinal akòz vyolans domestik.
 - Lèt ki montre Isabella te ale nan chèk li nan Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE).
 - Mesaj tèks oswa lèt ki montre li te eseye jwenn yon woulib nan tribinal. Pitit li yo, manm fanmi yo, oswa zanmi yo ka ekri lèt sa yo.



Egzanp : Astur pa t konnen odyans li te deplase nan yon lòt tribinal. Li te parèt nan tribinal orijinal la.

Astur ta dwe voye nenpòt bagay ki pwouve ke li te ale nan lòt tribinal la. Sa a ta ka:

- Kopi avi odyans orijinal li a.
- Tribinal kote li te ale a te gendwa te make dat yon fòm Chanjman Lokal oswa yon lòt fòm pou li. Li ta dwe voye sa a ak mosyon li pou relouvri.



Egzanp : Avoka Andres te ba li move dat pou odyans li a.

Andres ta dwe voye nenpòt bagay ki pwouve li te gen move enfòmasyon. Sa a ta ka:

- Lèt avoka li a ki dekri erè a.



Egzanp Mosyon pou relouvri yon lòd in absentia



Ou bezwen ranpli yon mosyon blanch pou relouvri.

Eskane kòd QR la oswa ale sou sitwèb sa a pou jwenn yon kopi blanch: [lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-09/Blank Immigration Motion to Reopen.pdf](https://lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-09/Blank_Immigration_Motion_to_Reopen.pdf) Enstriksyon ak egzanp ki anba yo ka ede w ranpli mosyon w lan.

Ki sa pou mete nan yon mosyon pou relouvri?

Gen 4 pati nan yon mosyon pou relouvri yon lòd in absentia. **Chak pati dwe ranpli nan lang angle.**

1. **Fèy rezime.** Sa a di tribinal la ki moun ou ye ak kote ou te rate odyans ou a.
2. **Mosyon.** Sa a di tribinal la poukisa ou rate odyans ou a.
3. **Lòd.** Sa a se yon fòm tribinal la pral ranpli epi voye tounen ba ou. Se konsa tribinal la pral di w si demann ou an te apwouve.
4. **Sètifika w te bay moun.** Sa fè tribinal la konnen ki lè ak ki jan ou voye yon kopi mosyon an bay avoka gouvènman an.

Jwenn yon kopi blanch mosyon sa a nan: [lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-09/Blank Immigration Motion to Reopen.pdf](http://lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-09/Blank%20Immigration%20Motion%20to%20Reopen.pdf) Sèvi ak egzanp ki nan fèy enfòmasyon sa a pou ede w ranpli fèy rezime, mosyon, lòd, ak sètifika w te bay moun nan. Ranpli otan enfòmasyon ou kapab. Si ou pa genyen kèk nan enfòmasyon yo, tankou non jij imigrasyon an, voye mosyon an ak plis enfòmasyon ou kapab.

MOTION POU RELOUVRI YON LÒD IN ABSENTIA: EGZANP FYÈ REZIME

Your Name:

Ekri non konplè ou la

Your Address:

Ekri adrès ou la

**UNITED STATES DEPARTMENT OF JUSTICE
EXECUTIVE OFFICE FOR IMMIGRATION REVIEW
IMMIGRATION COURT**

City and State:

Ekri vil ak eta tribinal imigrasyon w la

In the Matters of:

Ekri non konplè ou la

(Your Name)

File No.: A

Ekri Nimewo A ou la

(Your Alien Registration Number)

Ekri non konplè pitit ou oswa mari oswa
madanm ou la

(Name)

File No.: A

Ekri Nimewo A pitit ou oswa mari oswa
madanm ou la

(Alien Registration Number)

Ekri non konplè pitit ou oswa mari oswa
madanm ou la

(Name)

File No.: A

Ekri Nimewo A pitit ou oswa mari oswa
madanm ou la

(Alien Registration Number)

Make pati sa a sèlman si w gen yon mari oswa
madanm oswa yon timoun ki enkli nan ka tribinal
imigrasyon w la.

Immigration Judge:

Ekri non jij imigrasyon w la a

**RESPONDENT'S MOTION TO
REOPEN AN IN ABSENTIA ORDER**

RESPONDENT'S MOTION TO REOPEN AN IN ABSENTIA ORDER

Respondent Ekri non konplè ou la, moves this Honorable Court to reopen these proceedings and rescind the in absentia order of removal.

In support of this motion, I state as follows:

- Ekri dat ak kote dènye odyans ou a (odyans ou rate).
- Di poukisa ou rate odyans ou a. Bay plis detay ke ou kapab. Ou ta ka di:
 - Ou pa t resevwa avi odyans ou a.
 - Oumenm, pitit ou, oswa paran ou te malad grav oswa yon paran oswa yon timoun te mouri.
 - Ou pa t kapab ale nan tribinal la akòz move tan.
 - Ou menm, pitit ou, oswa paran ou te viktim vyolans domestik.
 - Ou te nan yon prizon federal oswa leta.
 - Yon lòt rezon ki ou pa t ka kontwòle.
- Mande pou ka w la relouvri.
- Ekri deklarasyon sa a nan lang angle. Ou ka mande yon moun ou fè konfyans pou li ekri li pou ou an angle si ou pa kapab ekri an angle.

Respectfully,

Siyen non ou la

(Signature)

Ekri non konplè ou la

(Name)

Ekri dat jodi a la

(Dated)

MOTION POU RELOUVRI YON LÒD IN ABSENTIA: EGZANP LÒD

**United States Department of Justice
Executive Office for Immigration Review
Immigration Court**

Ekri vil ak eta tribinal imigrasyon w la kounye a

[the court's location (city or town) and state]

In the Matter of: Ekri non konplè ou la

Alien Number: Ekri Nimewo A ou la

ORDER OF THE IMMIGRATION JUDGE

Upon consideration of the respondent's **Motion to Reopen an In Absentia Order**, it is
HEREBY ORDERED that the motion be ☐ **GRANTED** ☐ **DENIED** because:

- ☐ DHS does not oppose the motion.
- ☐ The respondent does not oppose the motion.
- ☐ A response to the motion has not been filed with the court.
- ☐ Good cause has been established for the motion.
- ☐ The court agrees with the reasons stated in the opposition to the motion.
- ☐ The motion is untimely per _____.
- ☐ Other:

Deadlines:

- ☐ The application(s) for relief must be filed by _____.
- ☐ The respondent must comply with DHS biometrics instructions by _____.

Date

Immigration Judge

CERTIFICATE OF SERVICE

This document was served by: ☐ Mail ☐ Personal Service ☐ Electronic Service

To: ☐ Respondent ☐ Respondent's C/O Custodial Officer ☐ Respondent's Atty/Rep ☐ DHS

Date: _____ By: Court Staff _____

Attachments: ☐ EOIR-33 ☐ EOIR-28 ☐ Legal Services List ☐ Other

Kite pati sa a blanch. Tribinal la pral ranpli pati sa a.

MOTION POU RELOUVRI YON LÒD IN ABSENTIA: EGZANP SÈTIFIKA W TE BAY MOUN

Ekri non konplè ou la

(Respondent's Name)

Ekri Nimewo A ou la

(Respondent's Alien Number)

CERTIFICATE OF SERVICE

On Ekri dat jodi a la, I, Ekri non konplè ou la,
(date) (printed name of person signing below)

served a copy of this **Motion to Reopen an In Absentia Order**,

and any attached pages to Ekri "Office of the Principal Legal Advisor for DHS – ICE" la a
(name of party served)

at the following address: Ekri adrès biwo OPLA w la a
(address of party served)

by Ekri kijan w ap voye yon kopi bay avoka gouvènman an (biwo OPLA). Pou egzanp, "USPS priority mail."
(method of service, for example overnight courier, hand-delivery, first class mail)

Siyen non ou la

(signature)

Ekri dat jodi a la

(date)

Fèy Ransèyman yo se enfòmasyon legal PA konsèy legal. Kontakte yon avoka pou konsèy.

Pa sèvi ak fèy enfòmasyon sa a si dat li gen plis pase 1 an. Mande nou pou mizajou, yon lis fèy ransèyman, oswa lòt fòma.

© 2025 Minnesota Legal Services Coalition. Yo ka repwodui dokiman sa a epi itilize l pou rezon pèsònèl ak edikasyon ki pa komèsyal sèlman. Tout lòt dwa rezève. Avi sa a dwe ekri sou tout kopi yo. Repwodiksyon, distribisyon, ak itilizasyon pou rezon komèsyal yo entèdi.